



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

Gouvènè Anonse Rezilta Efò Tès Sible Ekip SWAT Rejyon Lwès New York la; Yo Pral Deplwaye Machin pou fè Tès Rapid ak kit bay Depatman Sante Lokal yo nan Chak Konte nan Rejyon Lwès New York

0.99 pousan tès pou COVID-19 yè yo te pozitif; 27 jou afile avèk to enfeksyon yo anba 1 pousan

7 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 898 Etablisman; Obsève 7 Etablisman ki Pa Konfòm

Konfime 889 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 437,107; gen nouvo ka nan 51 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwèn done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Depi nan premye jou a, Nouyòkè yo te reyini pou defye COVID, nan chanje konpòtman yo, mete mask, lave men yo souvan epi distanse sosyalman. New York pase 27 jou afile ak yon to enfeksyon ki anba 1 pousan, menm lè nou te kontinye reouvri, sa ki pa te yon bagay fasil", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An jeneral, chif nou yo se bon nouvèl - men menm lè chif nou yo rete estab, nou pa ka vin satisfè. Nou dwe rete vijilan. Nou soti lwen ansanm, epi nou pral travèse kochma sa a ansanm, toutotan nou rete New York solid."

Efò Tès Ekip SWAT Rejyon Lwès NY la

Gouvènè a te anonse tou rezilta efò tès sible Ekip tès SWAT Eta a nan Rejyon Lwès New York pandan senk jou ki sot pase yo. Yo te fè yon total 6,385 tès nan 8 sit sa yo epi yo te bay rezilta yo nan 15 minit. Yo te idantifye yon total 266 ka pozitif, pou yon to pozitivite ki evalye a 4.1%. Gen efò trasak kontak ki sou pye an patenarya ak depatman sante lokal yo.

Rezilta yo enkli:

- **Vil Buffalo:** 5.9%
- **Konte Chautauqua:** 4.5%
- **Konte Niagara:** 2.8%
- **Konte Erie ki pa enkli Vil Buffalo:** 2.3%

Pou asire disponiblite kontinyèl rezilta tès rapid nan semèn k'ap vini yo nan tout rejyon Lwès New York la, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pou li prete depatman sante lokal yo 20 machin tès rezilta rapid pou itilize nan semèn k'ap vini yo nan WNY, epi bay chak depatman yo yon atribisyon inisyèl nan kit tès yo, sa k'ap pèmèt yo administre plis pase 8,500 tès rapid adisyonèl nan semèn k'ap vini yo. Yo bay rezilta tès yo nan 15 minit, sa ki pèmèt efò trasaj kontak yo kòmanse imedyatman.

Yo pral distribye machin yo sou fòm prè k'ap soti nan NYS DOH jan ou wè anba a pou sipòte efò tès sible kontinyèl pandan plizyè semèn kap vini yo:

- **Cattaraugus:** 750 tès, 3 machin rezilta tès rapid
- **Allegany:** 500 tès, 2 machin rezilta tès rapid
- **Niagara:** 2,250 tès, 5 machin rezilta tès rapid
- **Chautauqua:** 1,000 tès, 4 machin rezilta tès rapid
- **Erie:** 4,000 tès, 6 machin rezilta tès rapid

Gouvènè a te raple tou rezidan Rejyon Lwès New York yo ke genyen 86 sit tès ki egziste kounye a ki ap fonksyone nan Rejyon Lwès New York kote yo ka pwograme tès COVID. Yo liste sit yo nan <https://coronavirus.health.ny.gov/find-test-site-near-you>.

- **Allegany:** 8 sit tè
- **Cattaraugus:** 5 sit tè
- **Chautauqua:** 7 sit tè
- **Erie:** 51 sit tè
- **Niagara:** 15 sit tè

Vyolasyon SLA yo

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 898 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 7 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Brooklyn** - 2
- **Manhattan** - 1
- **Suffolk** - 4

Chif Jodi a yo

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 430 (-15)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 81
- **Lopital Konte yo** - 32
- **Kantite ICU** - 117 (+0)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 61 (+0)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 75,255 (+52)
- **Kantite Lanmò** - 7
- **Kantite Lanmò Total** - 25,343

Sou 88,981 tèz pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 889, oswa 0.99 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tèz pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	LENDI	MADI	MÈKREDI
Capital Region	1.3%	0.5%	0.8%
Central New York	0.9%	0.7%	0.6%
Finger Lakes	0.4%	0.2%	0.9%
Long Island	1.0%	0.8%	1.1%
Mid-Hudson	0.8%	0.9%	1.2%
Mohawk Valley	1.9%	0.9%	1.0%
New York City	0.9%	0.7%	0.8%
North Country	0.3%	0.6%	1.2%
Southern Tier	0.7%	0.6%	1.7%
Western New York	1.6%	1.7%	1.8%

Gouvènè a te konfime tou 889 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 437,107 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 437,107 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,802	11
Allegany	90	1
Broome	1,333	18
Cattaraugus	222	6
Cayuga	181	1
Chautauqua	452	24
Chemung	205	0
Chenango	230	1
Clinton	152	1
Columbia	570	0
Cortland	102	0
Delaware	121	1
Dutchess	4,892	14
Erie	10,086	69
Essex	141	6
Franklin	59	1

Fulton	312	1
Genesee	298	1
Greene	310	0
Hamilton	14	0
Herkimer	305	2
Jefferson	154	4
Lewis	49	0
Livingston	187	3
Madison	467	6
Monroe	5,502	34
Montgomery	211	3
Nassau	44,924	79
Niagara	1,635	3
NYC	235,110	304
Oneida	2,286	3
Onondaga	3,937	15
Ontario	396	3
Orange	11,478	18
Orleans	306	0
Oswego	311	4
Otsego	209	20
Putnam	1,518	8
Rensselaer	848	4
Rockland	14,334	29
Saratoga	863	11
Schenectady	1,290	12
Schoharie	70	0
Schuyler	27	1
Seneca	101	1
St. Lawrence	287	8
Steuben	316	1
Suffolk	45,006	66
Sullivan	1,537	3
Tioga	210	1
Tompkins	303	23
Ulster	2,190	12
Warren	323	1
Washington	268	0
Wayne	283	2
Westchester	37,106	49
Wyoming	126	0
Yates	62	0

Yè, te gen 7 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,343. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Bronx	1
Essex	1
Monroe	1
Orange	1
Schenectady	1
Suffolk	2

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)